









ESE SOU LISTWA LEKONOMI AYITI  
DEPI 1491 JISKAJODIA



**ESE SOU LISTWA LEKONOMIAYITI  
DEPI 1491 JISKA JODIA**

Pa T. Rebecchi

Traduksyon edisyon franse nan kreyol ayitien  
© Tony Rebecchi 2007

*Scribitur ad narrandum, non ad probandum.*



## **PREFAS**

Liv la sa (présédan vèsyon tap rélé “Prensipal echanj komès ant Ayiti e Frans res lemond, *Istwa relasyon a lanmou sovaj*”) ka monté sou yon lot mach.

M té voyé'l nan men anpil moun enfliyan ki sòti pansé yo plis enfliyan tou sèl. M éséyé publié'l, mé yo di mwen yo pap dakò. M désidé fè'l kan mem.

M te eseyé ekwi yon liv ki an mèm tan :

1/ Lisib pou tout moun kapab konprann, yon liv ki pa yon liv pou moun gran sosyété, sé poukoi, m te vlé liv la piti, sé poukoi, m' désidé fè an kreyol, é kreyol sé lang pèp ayitien é si w av fè yon liv sou Ayiti si w pap fè nan kreyol, w fou !

2/ Sensè, mé oci objektif pocib. Yon liv sé réflé yon opinion. Si yon liv pa gen opinion, sé kom yon manjé ki pap gen pon gou, ki pap gen pon savè. Tout sa m'ékwi sé bagay m' trouvé nan enkèt mwen, nan bibliotèk, nan dokuman kontab, nan archiv, archiv civil mé oci archiv militè, é tout sa m' prann, m' prann si pocib ak miwà, sé poukoi li fiab ak vérifiab.

M te prann plezi ékwi ak li tout mo la sa ki av vini kon vag anba la mè, m' te vlé swété'w tout plézi pocib lè w va navige sou li.



## **DEDICAS**

Sé pou :

Tout Nonm léta ki nonm intèg ak diyité é ki fè honè e fyèté a pèp la ak nasyon la ;

Tout ayitien ki kwè nou va rivé, tout ayitien ki milité (nan silens) jodi la ;

Moun ki konnen byen konesans pasé sé yon fos ki pèmèt tiré léson ki bay plis fos ankò ;

Moun ki révé, moun ki kwè nan chanjman.

Moun ki gen but é ki pa jamn abandoné avan but la atenn...



## ENTWODIKSYON

Oyé, oyé,

Zanmi Ayiti, petèt zenmi Ayiti, mon ki chaché lò ki pèdi, moun ki pa chasé lajan ki gran gou, moun kirye adan listwa, moun ki defann etik ak déyontoloji libéralism, sak pi simp moun ki renmen lamè,

Vou, lektè kare, vou invite pou nou anbaké sou ti bato sa,

Annou navige sou gran oséan istwa la pandan nou va suiv but nou ;

Annou kombat tempèt sou tout mè glob la ;

Annou travèsé sou pirat é corsè ki bezwen baré rout la ;

Annou suiv kouran tout vwal deyò lè tan kalm laviji va veyé lorizon pou chache yon tè a echanj ki bon pou akoste,

Annou jité ank adan pò, pò komès, ansyen prosper, kugna abandone,

Annou ale chèche sa ki pédi, annou oté vwal mensonj,

Annou rankontre moun fou, annou palé ak endijèn,

Nou pa pè maché adan tout peyi la, pasé riviè koulè, pou chaché jiska nou trouvé moun ki responsab sitiasion a peyi la !

M' vlé invité'w a viv yon gran istwa, yon istwa lanmou, lanmou fò, lanmou ak pasyon, lanmou sovaj ;

Istwà la sa, shè matlo, sé vou ki va ékwi'l : fo w sav byen sé toujou gayan ki ékwi listwà !



Annou ale !

Annou ale il Hispaniola, koté kolon Ewopeyen sé lakoz anpil chanjman ;  
mé ti zile la sa, ès li pa lakoz tou a chanjman mantalité la Frans ak Espany,  
tras chanjman ki gen yon bel anpriz sou pèp sa jodi la ?

Annou tounen nan tan passé... w dakò ?



## **Period I : Lapèl lò panyol**

Kristof Kolon ki te pouse pa anvi dekouvri, anvi konnen kosmogafi, anvi sondé sekré linivè, ak anvi vin rich tou, te reisi konvenk, pase difikilte, Isabèl, rènn Kastil, bay lajan pou ekspedasyon Lézend pa lwès.

Nan 3 out lane 1492, soley livé, twa bato – Santa-Maria komandè pa Kristof Kolon, suivi pa Nigna ak Pinta – kite pò Palos de la Frontera pou ale a lwès, kat ven dis moun repati adan bato sa.<sup>1</sup> Pò Kadis te sètènman pi pwatik mé li te plen ak bato ki av chase Jwif panyol.

Tounen li mèm pò sa sèt mwa pita, pasé bagay pèd fwa sé rapidman lakoz yon kous lò lemonn.

### **A : Eldorado a nepòt ki pri**

Dekouvèt Kolon va rapidman fè Espany vini yon pwisans konyal premye grad. Dekouvèt sa li egsepsyonel e fo fè tout bagay pòtib pou kenbe'l.

### **1 : Espagnola Admiral Kolon : richès senesòf yon paradi vyèj tout eksplòtasyon**

Kolon sé premye Ewopeyen ki va pozé pye li sou tè Nouvo Monn.

Nan jedi 6 mwa desann 1492, li va akoste nan on pò li va nonmen Sen Nikola (jodi a Mol Sen Nikola). Pò sa vast, pratik ak pwofon te gen anpil gran bwa. Toupre, yon bèl flèv vin jete adan lamè apré li fin travèse yon bèl savann. Tout endijèn deja chape li kontinye jiska on pò li bay non Konsèpsyon (kugna Pò-de-Pè) fàs a zile Latòtu.

Lè rivé, li rann kont zile sa te gran, bwa semblé bwa panyol, pwason tou, sé poukoi li decidé nomenn il sa Espagnola (vini pita non Laten Hispaniola) li endike sou premye kat li desine.

Li vini sou il Ayiti – « Tè Montay » nan langaj endijèn – mennen pa moun Kiba (nomenn il Jann pa Kolon), ki di li li av jwenn la anpil lò. Li va jwenn anpil lò, e anpil lòt bagay. Kan Kristof Kolon debake sou il Ayiti, li jwenn yon sosyete byen òganizé vivan an amoni ak anviwènman li.

### **a : Anpil resous nan paradi Ayiti**

Il la te plen lò, pèl ak zepis. Moun Kolon te premye Ewopeyen a manje patat, mayi – bouyi oubyen boukane –, e a dekouvri tabak. Genyen ositou yon gwo kantite fwi bon gou tout sòt, forè ak bèl bwa tout itilite : konstwiksyon ak ekonomi kanpagn e lakay. Yo dekouvri koton tou,

---

<sup>1</sup> Yo te bèl ti bato ak bèl vwal, dimansyon estime sé : Santa-Maria : 3 mat, 39 m lon, 8 m laj, 233 barik ; Nigna, 24 m lon, 7 m laj, 105 barik ; Pinta, 25 m lon, 7 m laj, 110 barik.

endijèn itilizé anpil kantite, pa pou fè rad, sèlman pou trè fil yo fè kabann sispandi avèk : amak. Mé pasé tout bagay la sa, pandan vizit peyi la, Ewopeyen pa jamn kitè wè kantite lò zile la te genyen. Min lò, mé ositou min fè, kuiv, plon, mèji, lapis-lazuli, ak zòt roch presye, ki bay ti zile sa yon reyèl grad siperyè. Genyen anpil resous nan paradi Ayiti.

Sa ki pi enpòtan : endijèn te viv nan armoni parfè ak anviwonman yo. Yo te konnen valè latè, divèsité biologik e kiltirèl, piè, bwa, zanimo... Yo te respekte'l paske yo te sav sé la yo te sòti e sé la yo te retounen. Yo te sav byen nonm dépandan de sa. Yo te métrizé pafètman dévlopman rural e agrè adan absolu biodiversité. Tout sa fè yo te savan paske on nonm ki prann swen anviwonman li sé nonm savan li ye. Tout bagay sa fè yo te viv kontan ak bon santé. Tout bagay sa te pèmèt natif natal Ayiti épanouyi, fè manèv é metriz adan anpil ar e syans.

Tout bagay sa sé difisil pou wè'l jodi a ; mé gen ti tras adan bouch e zorey.

## **b : Eritaj endijèn**

Kreyol ayitien pran anpil mo li adan langaj tayinos, mo kon anana (de anana), patat (de batata), tabak (de tabaku), savann (de sabana), papay (de papaya). Zendijèn tayinos kitè abitud manje e viv. Pasé tout yo kitè yon tras politik paske non Peyi Dayiti sé tras pi evidant pasaj yo.

Nan Kolon premye tounen – li fé kat vwayaj – yo decide ak akò Pap Aleksand VI li av retounen an Ayiti pou konkeri'l an non tout kretyen lemonn. Alò Kolon va prepare rapidman, gras a senk milyon maravédi<sup>2</sup> Duc Medina Sidona bay li e lajan fè nan vann bagay Jwif bani Despany, e mèm si premye egspedisyon koute sèlman de mil senk san ecu<sup>3</sup>, yon nouvell egspedisyon pi gran pi bèl ak mil senk san moun. Adan kantite la sa gen sèt san kolon sou dis sèt bato. Gen twa bato pou pote : manje, danre, zanimo – zanimo lamé, chwal e chyen ; zanimo lakay, toro, bèf, mouton, bourik, kabrit, cochon –, istansil, grenn tout sòt, e tout bagay w bezwen pou kolonize yon tè.

Douz mysyonè tou. Sé kòmansman evanjelizasyon Peyi Dayiti.

## **2 : Fo diskite a Valladolid : endijèn fè konfyans moun, moun masakre endijèn.**

---

2 Moné Panyol nan tan 11ème jiska 14ème syèk. Panyol kontinué utilisé'l pasé dat sa pou finans ak komès. 63 maravédi = 1 réal lajan ; 504 maravédi = 1 piastre (ou piès de uit réo) ; 2016 maravédi = 1 pistol de kàt piès de uit réo.

3 Ecu sé moné Vatikan.

Diskite a Valladolid [yon vil panyol] sé yon pawòl ant moun legliz – Bartolome de las Cazas e Rwan Ginès de Sepulveda – nan lane 1550 pou sav sa ki yon zendyen ameriken. Yo av chache sa ki yon zendyen ; si sé imen y oye ; sa yo dwe fè avèk.

### **a : Sitiyasyon a lepok la sa**

Charl V, apre li te otorizé esklavaj zendyen nan lane 1517, te defann li nan lane 1526 apre Konsey Zend rekòmande'l.

Vatikan te deja di lè Pol III te Pap zendyen sé imen yo ye, yo genyen dwa libète ak propriyete (Veritas ipsa : 2 jen 1537 ; Sublimis Deus : 9 jen 1537). Mé nou te nan tan developman Pwotestan e Charl V pap dakò pou obeyi legliz. Las Casas wè zendyen kom pèp paradi. Li vlé fè yo bon kretyen san yo kite jan yo viv.

Reprezantan Pap adan diskite la bay li rézon : zendyen Ameriken genyen yon nanm.

Desizyon vini ofisyèl pou Pap ak wa Panyol. Tout moun pap te dakò e kolon pap vlé aplike'l. Alò reprezantan Pap la di fo itilize esklav Afriken pou developman ekonomi la.

### **b : Yon diskite ipokrit**

Moun Panyol fè eksplòtasyon il la pou lò.

Yo masakre zendyen ki pap vlé fè twavay nan min e yo fè esklavaj avèk. Tout bagay sa pis maladi, pap manje, mwens ti moun, tout bagay sa fè pèp endijèn disparèt nan tan kèk ane, senkant ane.

Moun Panyol sé asasen tout natif natal Peyi Dayiti.

E paske yo te bezwen anpil moun nan plantasyon yo deside ale chache neg nan Ginen.

### **B : Enkomienda e esklavaj : on move menaj**

Moun Panyol rekòlte pis ke dis tòn lò sou il Ayiti ak volè tout obje endijèn. Montay genyen min tout sòt (lò, lapis-lazuli, fè, kuiv, etc..) e pap gen pon moun ki pap konnen montay Cibao nan vant li moun Panyol antere zendyen kondane chache lò pou ki sa otan san koule sou latè.

Lè Panyol fin fè konkèt tout Amerik Latin zile la va chanje pou vini yon baz komès Panyol ant Lewop e Nouvo Momm.

### **1 : Lò ak richès pa di komès pou sa**

Lè debaké sou zile Ayiti, Kolon chache touswit min Cibao. Endijèn sav byen li vini pou sa e you fè elòj min sa. Genyen anpil lò w wè desand nan rivyè depi somè montay. Endijèn fè konfianz Panyol e yo di peyi genyen min tout sòt ak zepis.

Alò Panyol kopie sistèm esklavaj Ewopeyen pou ranmase zendyèn pou fè yo travay nan min ak plantasyon.

Yo vide rezèv il la, mé fo w sav byen ke Panyol Dominiken te fè pis komès ansanm ke ak Lewop. Pita yo fè ak Fransé tou lè il Ayiti te séparé apré 1697.

### **a : Eksplòtasyon min Cibao**

Chache lò bezwen anpil moun, mé zendyèn mawon min ak plantasyon. Depi 1495, Panyol etabli yon taks pou zendyèn, taks lò pou zendyèn Cibao – on poch lò pa moun pasé katòz ane –, taks koton pou zòt. Zendyèn ki pap genyen lò te dwè chache nan min e ènkomiènda te mwayen pou oblije yo.

Taks sa bay on lapè, zendyèn bay Panyol lò mé yo pap bay kè. Lagè vini rapidman. Panyol te gen pis fòs, yo domine zendyèn rapidman tou, koule san tou ak wiski.

Min lò Cibao te fème nan sèzièm syèk. Pou ki sa ? M' pap konnen. Enkomiènda vini pi enpòtan nan disètièm syèk. Endijèn te fòsé kite plantasyon manioke ki bezwen moun tou tan. Panyol pap renmen manioke e yo mennen depi Lewòp manje yo : divin, ble. Yo mennen zanimo tou, kabrit ak mouton, ki fè pitit e kraze tout plant peyi la. Kantite plantasyon diminye. Yon koz pou ki sa pèp endijèn disparèt.

### **b : Pap gen anpil komès**

Sé sèlman apré lapè Ryswick moun komansé fè anouvo izin sik. Gen twa nan nò nan lane 1698, gen san nan lane 1716. Anpil moulen bezwen bourik donk elvè zanimote devlope. Pri yon bouik sé alò 40 goud<sup>4</sup>.

Panyol Dominiken vann zanimo a Fransé e yo founi katven pou san sa Fransé bezwen. Katven pou sans é douz mil tèt on lane. Vann sa sé swasant kenz pou san komès Dominiken. Sa pap estrateji. Yo pap te gen pon chwa. Zile la pap gen ase rout e pap gen politik leta pou fè konstwiksyon sa.

---

4 Yon goud sé alò sa ki jodi la 30 dola Ameriken. Donk yon bourik sé alò sa ki jodi la 1200 dola Ameriken

Pase sa Panyol Dominiken pap genyen anpil relasyon ak Panyol Ewopeyen paske konpanyi komès Panyol pap founi ase bagay itil. Espany ki te premye nasyon nan esklavaj ak Afriken pap te gen plas adan Lafrik pou ramnase nèg. Sé poukoi li te pwisans kolonyal ak pi gran difikilte. Zot leta Ewopeyen pa jamn lese Espany enstale nan Lafrik.

Espany te genyen tout Amerik Latin e sa te trò gran pou li. Tout politik taks pou developman te inital. Pi bon egzanp sé lwa 12 mwa avril lane 1786 pou amelyowasyon lakoloni. Adan sa wa Panyol dakò pou di komès zanimo sé sèl lajan kolon. Lwa la va elimine tout taks enpòtasyon sou tèt nèg ki itilize adan plantasyon ou byen min e tout bagay li fè apré.

Pap te gen anpil zòt resous kolon genyen. Sa te limite a 22 izin sik ak chak sis san esklav Afriken. E tout say o te pwodui la te konsome la sou fòm sik oubyen siwo.

Pwoduksyon tabak te ankouraje pa wa Panyol paske tabak Domiiiken te prefere a tabak Kiba nan izin Sévi mé li disparèt. Mèm bagay pou chokola ki te twasièm richès kolonyal pasé min ak sik. Mé pye chokola pap sipòté siklòn. Koton te isit meprize. Nan sèzièm syèk moun fè endigo tou e te gen anpil ekspòtasyon mé li disparèt tou.

Tout bagay sa fè Dominiken Panyol fè elve jiska fen a dizuitièm syèk, kolon gen lajan avèk li, leta gen lajan avèk taks sou li. San vent senk mil tèt nan lane 1760, de san mil nan lane 1780.

Mé te gen yon lòt ùtilité pou zile la adan estateji Panyol.

## **2 : Vil Santo Domingo, dènye etap sou yon pòn lò**

Panyol fè kokèt tout Amerik Latin yo pataje ak Pòtugal apre trete Tordesiyas nan lane 1494.

Sa mèm ane vil Santo Domingo te fonde pa Bartélémi Kolon (frè Kristof).

Li av vini prensipal pò pou fè etap nan rout ant Espany e Amerik Latin.

Se la bato ak richès astèk Mèksik e enka Péru te pase. Péru te gen pis richès ke Mèksik, richès lò, richès lajan, gras a min Potozi depi lane 1545.

Potozi, ansyen kapital ekonomi lemonn, plas labòus wayòm Panyol, simityè Amerik Latin kikote pou echanj moun mò kont lò w kapab wè jodi la nan anpil gran legliz Ewèp Oksidantal. Tout bagay sa li byen eksplike adan liv Eduardo Galeano « Vèn ouvè Amerik Latin ».

Lò ak lajan Péru te mennen jiska Panama, answit li twavèse jiska Nombre de Dios pou anbake sou bato jiska vil Santo Domingo, dènye etap nan vwayaj pou twavèse Osean Atlantik. Abitid sa bay piwàt yon favè ki te detounen kawant pou san richès Panyol te volè.

Donk sak rive pa lamè tounen pa lamè. Oubyen nan kòf Fransé ki depi lane 1630 itilizé zile Latòtu kon yon baz.



## **Period II : La prizon fransé akajou**

Lwès a zile la te neglije pa kolon Panyol, e vini Franse bout pou bout ki sòti òganize plantasyon ak vil. Etann sou tout Hispaniola sé rapidman sa yo bezwen. Yo av kolonize, yo av twavay latè, donk yo av vini nan esklavaj tou.

Trete Ryswick lane 1697 fè pataj zile la ant Frans e Espany sa ki av pèmèt la Frans vini peyi ki av fè plis sik nan dizuitièm syèk.

Konpanyi Fransé Zend Lwès te ranplase Konpanyi San Moun nan lane 1664 pou li fè komès ak zile. Kapital sis milyon liv av sèvi finansman Kolbè komès triangulè ak esklavaj.

### **A : Malè Dominiken nan komès triangulè**

Sen Domeng founi la Frans danre klima egzotik li pap kapab fè li mèm. E klima sa nèg sipòtè pi byen ke blan...

Nan lane 1789, te gen nan Sen Domeng anviwon senk san mil moun. Sou senk san mil sa te gen katvendis pou san esklav repati nan 783 izin sik, 3117 plantasyon kafé, 3151 plantasyon endigo, 789 plantasyon koton.

Jak-Anri Bènadèn de Sen Piè te deklare : « M pap konnen si kafé ak sik sé bagay itil pou bonè Lewop, mé sa'm konnen byen sé dé bagay sa te fè malè de kouen lemonn. Yo vide Amerik pou yo genon tè pou fè pantasyon e yo vide pèp Lafrik pou yo gen moun pou kiltive'l ».

### **1 : Nèg sé nèg ?**

Depi Loui XIV jiska Loui XVI, komès moun Lafrik depase tout rev yo.

Nan komansman komandman Loui XV, komès Frans nan lwès Lafrik fè chak ane senk san mil liv e kantite esklav yo achte sé de mil, sa ki a mil liv youn fè on total de milyon liv. Nan tan Revolisyon Franse, ekspòtasyon Fransé pou Afrik Lwès sèlman sé dizuit milyon liv. Nan lane 1786, 1787, 1788 yo vann trant mil esklav mil twa san liv chak. Sé total trant nèf milyon liv danre egzotik te vini Lewop nan pri mache pou fè lekonomi pi fò.

Ogmantasyon sa gen de rezon. Dabò apre endependans Zetazini ak lapè trete Pari lane 1783 la Frans av pwoteje ak multiplie prezans li nan Lafrik. Trete sa rekonnen la Frans posesyon nan Zend, Sinigal, Sen Piè e Miklon. Answit politik sibvansyon pou ekspòtasyon toujou pi gran depi Kolbè.

Annou site Monteskiè (yo bay non li univèsite Bordo, vil sa ki gen kat bèl statu li nan la ri), « Lespwi Lalwa », Chapit V, Liv XV, nan tit « Esklavaj nèg » (1748) :

« Si m' te bezwen di pou ki sa nou gen dwa fè nèg esklav, sé sa'm di : pèp Lewop te asasine pèp Ameriken, yo te oblije fè esklavaj ak pèp Afriken, pou fè yo twaway latè. Sik two chè si esklav pap fè. Moun sa nwa depi pye yo jiska tèt yo, e nen yo telman kraze sa pap pocib plend yo. Sa pap pocib pou kwè Bon Dye<sup>5</sup> ki gen tout sajès te bay yo on nanm, sitou yon nanm ki bon, adan yon kò tout nwà. On prèw nèg sé moun fou sé yo trouvé yon kolie vè pi enpòtan ke lò, sa ki pi enpòtan nan nasyon jis. Sa pap pocib kwè moun sa sé nonm, paske si w av kwè sé nonm yo ye gen chans pou w kwè tou w pap yon bon kretyen. Moun san tèt egzajere enjistis Afriken te sibi. Si sa te sa yo di, ès Prens Lewòp pap te fè yon bagay pou charite ak pitye, alò ke yo fè anpil bagay inital ?

Kondisyon twaway te orib e on moun sou ven av mouri. Fè pitit te on sou swasant. Sa pap te sufizan. Yo te bezwen konpanse mennen trantwa mil nouvo moun chak ane.

Mantalite sa, ki domine nan tèt moun Fransé, ak lamòd danre egzotik, av fè Sen Domeng enpòté nan dizuitièm syèk sèlman, plis ke on milyon nèg.

## **2 : Avantaj nan plis esklavaj e komès ak bon konsyans**

Fransé fè komès kon sa : yo chanje ti bagay inital Lafrik kont esklav pou mennen yo an Amerik, yo chanje la kont lajan oubyen kont danre egzotik pou mache Ewopeyen. Dire shimen sa sé anviwon dizuit mwa. Pap oublie tout machan gen bon konsyans paske depi komansman a komès sa yo soutni pa léwa e legliz.

Komès sa gen twa etap. Dabò fo w ale chache nèg nan Ginen, nan Sinigal sutou, paske vwayaj se lon e kapitèn bato te bezwen fè'l pi kouèt pou tounen vit Lewòp e ranmase lajan. Yo chanje esklav kont bagay inital Ewopeyen, answit yo mennen y opa lamè pou chanje kont danre egzotik yo av tounen Lewòp avèk.

Maché Franse sèlman pap te kapab prann tout. Alò yo te fè ekspòtasyon nan tout Lewop. Nan dizuitièm syèk koms ekstèriè Fransé te egzédantè, e kafé te ven pou sana dan. Objektif politik mèkantilist te atenn.

Pwouès ekonòmi sa krazé anpil bagay gràs a Kòd Nwà lane 1685 Kolbè te fè. Li te kreye pou soutni katolisism nan lakoloni. Evanjelizasyon Fransé ki gen anpil konsekans toujou jodi a sous sistèm sosiete ak lekòl nan Peyi Dayiti.

Kòd Nwà te pèmèt propaje lang Franse nan rasanbleman esklav, lang ofisyèl nan Konstitusyon ak kreyol ayitien, mé Konstitusyon sé papie e bayonèt sé fè e pèp ayitien sav byen palé Fransé pap di lespwi pou sa e yo

kontinue meprizé sa ki manifeste nan diferans ant pèp e moun gran sosyete. Mé, Fransé sé on jan limié e nèg ayitien sé yon jan papiyon ki pap konnen li genyen on jan sendròm Stokolm.

Kòd Nwà enstale tou sa m'rele Apartèd ayitien, diskriminasyon mystik ki fè anpil enjistis tout kote.

Tout bagay sa sé pou yon sèl objektif : richès la Frans.

## **B : Riches pou on tan, dekadans pou tout tan**

### **1 : La Frans kontan nan komès kolonyal**

Politik sibvansyon ekspòtasyon Kolbè, sekretè leta nan komès ak marin Loui XIV, te pèmèt ogmantasyon richès nan komès lepok e jodi la li gen toujou bèl konsekans. Aktivite konpanyi komès te pèmèt develope pò Franse e favorize negòs.

#### **a : Developman pò Franse**

Annou gade ki jan vil ak pò Franse te vin rich e develop, e ki jan yo av kontinye jodi a.

Ant lane 1716 e lane 1793, Franse te fè 3343 ekspedisyon nan esklavaj, avèk kawant de pou san depi sèl pò Nant, premye pò esklavaj.

Pò Le Hav fondé nan lane 1517 pa Franswa 1<sup>er</sup> nan on estrateji pou pwoteje anouchur La Sèn, av vini pò lèmé nan lane 1667. Bout pou bout li av vini nan prensipal plas komès nan negòs avèk koloni. Sièj Konpanyi Fransé Zend Lwès kreyé nan lane 1664 sé nan vil Le Hav li ye. Konpanyi te jwenn pou kawant ane pwopriete koloni Franse nan Lafrik e nan Lamerik, ak monopol komès ak Lamerik. Pou fè pis lajan nan komès la, konpanyi sa fè manèv nan esklavaj.

Depi 16 mwa janvyè lane 1716, wa Franse otorize vil Bordo, Rouan, La Rochèl, Nant, e Sen Malo fè trèt esklav pou founi ase moun pou yo twavay nan koloni. Lajan fasil sé rapidman siksé a komès sa.

Nan dizitièm syèk sèlman, kat san onz ekspedisyon kite vil Bordo, twazièm pò Franse la trèt. Nan mèm tan, komès kolonyal konnen yon ogmantasyon eksepsyonèl. Nant sé premye pò Franse pou nèg, twasièm pò Franse nan tout bagay.

Nan lane 1789, vil Bord osé premye pò Fransé, dezièm pò lemond pase Lond.

Sé poukoi pap gen pon moun pou di sé fo vil a pò ransé te vini rich ak develope nan komès esklavaj. Menti'w. Frans gen ront ak dezoné pou li asume tout erè, tout atosite, li fè.

Vil Nant ak Bordo vin rich e célèb nan eksplwatasyon nèg. Bagay sa yo konnen oublie nan diven e nan on plak an bronz on mèt dis sou senkant santimèt. Sa ki komansman sé fen tou. Rapò ofisyel Tillinac pou ansyen mè vil Bord osé anpil pawol stupid ak initil. Sé mèm bagay nan gwo enstitusyon. Pa egzanp UNESCO klase tout vil Bordo nan klasman patrimwan. Sé vré arshitekti sé enpèkab li ye – gen chans fè Vitruve jalouzi –, mé sé vré tou li té fè avèk lajan la trèt, answit yo fè antretien ak kritè egzanplè, fè vin vil la tourisitik, sal nan komansman mé pwop pase benyen nan diven ak kèk mè ki gen yon dousè inivèsèl egzepsyonèl. UNESCO ak Frans te fè jou komemorasyon fen esklavaj ofisyèl ak twavay fòsé nan tyè monn, komansman neokolonyalism kapitalist. E gen anpil moun Ewopeyen ki toujou gen nan tèt lidé sa nòmval fè esklavaj ak nèg. Anba soley la, tout bagay pap chanje anpil.

## **b : Danre ki nesèsè**

Famn Franse bay dan, li bèl nan rad koulè endigo. Mari'l renmen bwè kafé ak sik kan. Eksplotasyon anba esklavaj sé bonè Frans li ye. E sa ki te vré yè, li vré jodi la tou.

Sen Domeng av vini rapidman koloni ki pi rentab.

Avèk Kòd Nwà lapèl nwa dezantyi sé premye peyi nan kafé, sik e endigo. La Frans te fè la de tiè komès li (ofyisièlman sé sa ki jodi la trant de milya euro ; an verite total sé swasant kenz milya) e vini yon peyi rich. End te pou Wayòmni sa ki Sen Domeng te pou la Frans. Avèk katven mil tòn sik e karant mil tòn kafé ki te pocib gras a dènye teknoloji, Sen Domeng nan dizuitièm syèk sé sant pi enpòtan nan agwo-endistri lemonn donk yon peyi tre enpotan nan komès lemonn. Ayiti te pi enpòtan ke la Frans.

Komès ant koloni e zòt peyi te asure pa 1745 bato ak katven mil maren. Adan sa sètsan bato te Ameriken.

Nan tan fen reyin Loui XIV Frans te enpòte pou dis milyon sik ak kat milyon endigo depi Sen Domeng. Nan tan Revolisyon Franse yo te enpòte depi Sen Domeng pou de san milyon liv Fransé sik e kafé. Mé tout danre sa pap te gen mou pou achte sou maché Franse e anpil te ekspòte, pasé pèfeksyonman.

Adan situasyon sa, Bordo te pò Zantyi pi enpòtan. Li te fè karant pou san komès kolonyal. Bordo te vini kote a komès lemonn. Moun nò Lewòp ouvri la boutik pou fè negòs danre Bordo pou transfere nan tout Lewòp, Ewòp nò ak Ewòp lès ak Rusi. Pò te bay tout Lewòp kafé, sik, chokola, koton, e endigo. Tout bagay sa ak diven e zòt danre lwès la Frans paske gen anpil paske izin te miltiplie nan kote Frans sa. Adan peyi sa yo te

achte sa ki yo bezwen pou ekipman plantasyon yo ekspedye nan koloni. Bordo sé donk plas komès pi enpòtan nan dizuitièm syèk.

Komès Franse nan tan dizuitièm syèk sé prensipalman twa bagay : vann diven, vann danre yo fè adan izin, vann sik ak kafé. E kafé sé gaz pou motè ekonomi Franse.

Tout chif sa pap konte ekonomi nan navigasyon, transpè, e sèvis (bank, dwan, etc...) ; tout bagay sa ak lajan yo fè nan popilasyon e bidje leta. An verite tout ekonomi Franse se esklavaj li ye.

Lè w av konpare chif sa ak situasyon misè Ayiti jodi la, w gen dwa poze anpil kesyon. Repons pe ke jamn twouve moun satisfè.

An verite, tout ekonomi Franse se esklavaj li ye. Nan lane 1789, Revolisyon Franse sé revolisyon sosyal li ye. Es li te tou on revolisyon nan ekonomi lemonn? Ki moun ki dakò pou kwèsa ?

## **2 : Depi endependans jiska dependans**

Konsekans Revolisyon Franse nan lane 1789 sé fen esklavaj pa on dékré 4 mwa fevriye lane 1794. Sé fen a revolt Touden Louvèti, tout bon ayitien konnen. Li va supoté Fransé, vini jeneral e libere zile la kont Engle. Nan tan 8 juyè lane 1801 li di tout sèl li Gouvènè Jeneral pou tout vi'l Peyi Dayiti. Li eseye on politik ekonomi liberal pou retounen rapidman nan avantaj ekonomi tan pase.

Napolyon Bonapàt ki nouvo diktatè Fransé gen pwoje nan anpi kolonyal Franse. Li rekomanse esklavaj ak trèt nan lane 1802. Nan mwa fevriye lane 1802, ventwa mil nonm av debake nan vil Kap Ayitien anba komandman jeneral Léklè. Alò jeneral Anri Kristof mete difé adan tout vil sa. Nan 7 mwa jwen lane 1802, Léklè invite Touden Louvèti nan diskite mé sé yon pièj li ye. Li kapture e yo mete'l nan pwizon nan montay frèt kikote li va mouri nan lane 1803. Avan li anbake sou bato pou li kite Peyi Dayiti li di on pawòl anpil moun konnen : “Yo ranvwaye'm, mé m'selman kòf pyebwa libète nèg, li gen anpil rasin ki pwofon pou li pouse”. Sa pocib li te reve on peyi ak libète, ak on sosyété jis. Bonapàt pa jamn réisi konprann'l.

Ekspedisyon li te voye pou mété tou moun sou shimen esklavaj sé échekli ye. Nan 18 mwa novanm lane 1803 sé batay Vètiè ki fen lagè.

Endependans Ayiti sé nan tan premye janvyè 1804.

Tout jeneral te dakò nan pwoje endependans e yo jire tout linivè yo av kite la Frans pou toujou e yo av prefere mouri plis ke viv anba dominasyon I.

Akt endependans av di tou ke non a nouvo peyi la sé Wayòm Dayiti ki mèt tèt li e endependan tout pwisans linivè ; li di ositou ke esklavaj entèdi.

Endepandans Ayiti sé lespwa nan kè tout pèp lemonn. Sé premye fwa nan tan modèn yon rasanbleman esklav av reisi jwenn libètè pou yo fòmè on leta ki endepandan.

Libérasyon sa rapidman asasine 21 lane pita pou kite yon zòt fòm esklavaj. Ayiti sé premye peyi tiè monn asasine nan neokoloyalism finansie, zonbi sa w gen posibilite jwenn nan misè lari Ayiti. Leta ayitien sé on timoun yo krazéavan li vini on gran moun.

## **a : Konsekans Revolisyon sou ekonomi**

~~Gen bagay pouwi nan lemonn kapitalist la sa.~~  
Gen bagay pouwi nan Wayòm Dayiti.

Yo te mete difé nan tout plantasyon sik ak kafé sa ki mete on gwo kou nan ekonomi.

Konstwiksyon peyi ki te detwi sé bagay difisil pou mou lagè. Yo pap konnen sa ki administwasyon, yo bay swasant kenz pou san bidge leta nan lèmé, konstwiksyon citadèl sèlman yo fè, yo achte latè anpil. Nèg kité fè esklav anba la Frans pou fè esklav anpil kolon nwà. Yo kite on peyi rwine e devaste nan trafik fisil ki te itil pou yo jwenn komande. Mé yo pap jamn reisi metrize. Pase tout bagay sa fo nou pap oubliye moun sa pap te kapab konprann lemonn, yo pap konnen estrateji, fòs sèlman yo konnen.

Moun pase Desalin gen anpil bagay pou fè. Twant ane lapè pita, pase jeni larepublik Petion sé Boyé, ki te la nan lane 1825, ki va prann anpil desizyo difisil.

Tekst a lordonans Charl X lane 1825 té ka di :

*« CHARL, gras a Bon Dye, wa Frans e Navà, pou tout moun, honè, respè. Pase àtik 14 e 73 lachàt ;*

*"Nou wè sa ki itil pou komès Franse, mal ki ansyen kolon Sen Domeng, e misè situasyon aktuèl ;*

*Nou deside :*

*Atik 1. Pò pati Frase Sen Domeng va ouvri nan komès tout nasyon. Tou taks sé egal eksepte pou Franse ki va peye mwatye sèlman.*

*Atik 2. Moun ki rete nan Sen Domeng av peye la Frans an senk fwa, chak ane, premye fwa sé nan tan 31 mwa desanm lane 1825, sòm san senkant milyon fran, pou bay lajan ansyen koo ki av mande 'l.*

*Atik 3. Tot sa sé rézon pou ki sa nou bay moun pati Franse il Sen Domeng endepandans gouvènman li.*

*Gan so av sélé lordonans sa.*

*Fè nan vil Pari, Chato Tuilri, nan 17 mwa avril lane 1825.*

*Signé : Charles.*

*Minis sekretè leta marin e koloni,*

*Signé : Kont de Chabrol.*

*Viza:*

*Prezidan a Konsèl, minis e sekretè leta nan finans,*

*Signé : J. de Villèl.*

*Wè nan so :*

*Minis e sekretè leta, gād léso,*

*Signé : Kont de Peyroné. »*

Ordonans sa Frans te fosé Ayiti aksepte ak bato lagè, li ye revizé nan lane 1838 pa on treté ki te bésé endemnité a swasant milyon. Answit, anpèré Ayitien Fosten Soulouk deside nan lane 1852 stope peye, mé lāmé Fransé vini pou li komansé peye a nouvo. E sa m' remnen plis pase tout sé ansyen kolo Franse ki mouri ak lespwa kob endemnizasyon.

Realité sé Frans te fè tout bagay pocib pou anpeche Ayiti resusite pou anpeche zòt koloni gen yon idé endependans.

M pap bezwen di endemnité sa te yon rèv egzajere. Li te sòti peye tout nan lane 1883, mé nou va eseye etidie sa ki konsekans answit adan listwa Ayiti.

## **b : Kreyasyon a on dèt pèpètuyèl**

Dabò leta te fè yon kòd rural nan lane 1826, kòd sa fè tout moun ki pap gen twavay vini moun ki av twavay latè. Sa plis taks espesial sou enpòtasyon e ekspòtasyon (kafé prensipalman).

Sé yon esklavaj nasyonal ki pap sufizan. Alò leta fè dèt nan bank Franse. Dabò nan bank Gandolf & Cie pou twant milyon nan to sis po san, to ki te vini plis gwo espesialman. Frè a bank dedwi, rete sèlman vent kat milyon. Sé sa jodi la ki rele doub dèt e ki av kreye pèpètuyèl dèt ekseriè. Pou trouve sis zòt milon, Boyé av prann tout lajan nan ès leta pou li rwine. Answit li prann anpil desizyon ki terib. Premye la sé yon kreyasyon kob san valè ekonomi ki avkreye anpil enflasyon.

Yo peye dèt ak zòt dèt e bout pou bout gouvènman ayitien vann peyi nan moun bank Franse, Alman e Ameriken. Nan tan lane 1875, dèt Ayiti te dis milyon fran.

Nan tan lane 1922, nan tan okipasyon Ameriken, Nasyonal Bank, ti piti a City Bank, jwenn monopol fè kob. Ameriken jwenn la kontrol Ayiti ak yon prete lajan ventwa milyon dola Ameriken pou peye frè a bank Franse e Alman.

Premye komès etranje nan peyi Dayiti te enstale lontan avan tan Boyé. Mé pase ordonans 1825 ki bay mwens taks nan komès, tout peyi jwenn anpil ravèt ki fè kob pou yo tounen peyi yo avèk. TROP komès etranje av tuye nèt tout pocibilite developman endistri ayitien. Pase sa, peyi etranje pap pè fè manèv nan politik endemnité kanon ak kolon bandi. Nan lane 1850, zetazini vin ak twa kwazè lèmé pou prann senk san mil dola nan men leta ayitien. Nan lane 1872, Almany fè mèm bagay pou kenz mil dètch mark. Nan lane 1877, Anglètè mande sis san katven de mil dola. Nan lane 1884, leta Franse va mande leta ayitien san swasant katoz mil sèt san senkant dola.

Nan 17 mwa desann lane 1914, marins Ameriken vide ak fisil nan men, Bank Nasyonal Dayiti. Yo pati ak tout résèv lò e tout lòt résèv e yo mennen lòt kote la jiska adan Nasyonal City Bank Nouyèk (sa moun rele City Bank) ki prensipal bank Ameriken. Sèt mwa pita, marins Ameriken antre Ayiti, yo av pran kontrol dwan e finans peyi la yo av kenbe anba lwa marsyal ak yon gouvènman anba pa e pou City Bank la jiska lane 1934. Avan yo kite peyi la yo fè tout bagay nesèsè pou jwenn kontrol tout peyi.



## **Period III : On zon franch Ameriken nan tan néokolonyalism lemonn**

Sou tan konkèt Ayiti e ekonomi Ayiti tout bagay moun bezwen sav li byen ekwi nan tekst *The Nation*, Helbert J. Seligmann, Lewis S. Gannett, James Weldon Johnson, Helena Hill Weed, Ernest H. Gruening,

### **A : Sak vré pou Ayiti li vré pou kat kouen lemonn**

Depi lane 1915, envazyon lami Ameriken jiska nan Bank Nasyonal Dayiti e dwan, gouvènman Ameriken genyen o men envizib pou fè sa li vlé ak ekonomi ayitien.

### **1 : Pwoblèm Ayiti sé pwoblèm eskalvaj tout peyi pov**

#### **a : Kontwòl komès e finans**

Sa vré tout res lemonn te wè pase de lagè e sa yo di ki dekolonizasyon, mé sèl bagay ayitien te wè sé anbasadè Bawon a gouvènman Ewopeyen e prensipalman Ameriken ki vini veye lajan kolon te envesti.

#### **b : Sa ki privatizasyon : fè peyi la plis nèf, egzamp a APN ki zouti pou fè esklav san chenn dwan**

Prè v mèm moun avèg kapab wè sé lwa modènizasyon antrepriz piblik, ki kreye san mande moun Konsèl nan Modènizasyon Antrepriz Piblik, dènye zouti lamod vann peyi etranje, sa ki kreye pis santiman abandon pou moun diktatè lemonn kontinye volè. Konsèl sa yon lòt bagay gouvènman Ameriken twouve pou kenbe PeyiDayiti nan grif li.

Privatizasyon sa fè sèlman plis koripsyon nan men ayitien e yon pi bon métriz ekonomi jouèt Dayiti depi Washintòn. Mèm si privatizasyon sa kite leta ayitien on majorite nan kapital antrepriz sa, moun ki envesti jwenn komande li e yo fè depi Washintòn e Nouyèk sa yo fè depi 1915 pou defann kob Ameriken. Ameriken kontinye mete nan Palé Nasyonal Prezidan prostitye. Pa gen pon moun pou eksplike san ba menti ke privatizasyon antrepriz estrateji nan men etranje, sa ki yon fòm esklavaj tout nasyon la, ke privatizasyon sa gen chans devlope peyi, bay moun kob pou viv, fè endepandans leta ayitien pou tout nonm ayitien se nonm kontan ak fyète nan viv adan on peyi ki konnen ale ak chwa nonm ayitien on peyi ki ale plis byen. Pa gen pon moun ki gen àguman sa.

An verité, konsekans sé vil av vini plis devlope e kanpenn gen plis mizè ; an verité, konsekans sé moun rich av vini plis rich e moun pov av vini plis pòv ; an verité, konsekans sé peyi kolon av vini plis rich e peyi tyè monn jan Ayiti ye, peyi tyè monn... peyi tyè monn av vini... yo pap vini ankò !

Depi yo komanse privatizasyon tout antrepriz yo oubliye respekté sa Papa e Maman yo te di nan Konstitisyon Peyi Dayiti, yo mèm oubliye respekté yo kom Nonm. Depi yo komanse pri tout bagay multiplie pa senk, pa senkant, pa san. Yo revoke anpil moun ki te twavay e gen plis chomaj, plis malè pou moun ki te déjà gen anpil, mwens moun ayitien ak egspérians e gwo sians twavay e yo oblije ale chache vagabon etranje ki va fè dézod nan peyi la pou fèkòb li va depanse nan peyi li.

Yo deja reisi vann antrepriz farin ak siman. Yo vann mèm TELECO. Yo komanse fè nesèsè pou fè bank, dlò, aeropò, pò e elektrisité yon lanp adan obskirité ekonomi.

Nan tan pase, prensipalman kawant ane pase, antrepriz piblik, prensipalman APN, sé bagay pou rich fè kòb san bezwen entelijans ekonomi. Gen yon kriz ekonomi ki bezwen mèdsen. Ansyen dirèktè jeneral APN :

i. Komanse fè analiz situasyon.

Nan tan mwa me lane 2004, group gouvènans ekonomi – komande pa Bank Mondyal – te endike ke sistèm gestion ki te itilize adan pò ayitien te pouwi. Mé sa pap pocib chanje nan de pwochenn ane. Li two vié, gen bagay ki pap kapab fonksyoné, pèp ayitien pap dakò pou fè'l kugna. Fo nou anvizaje privatizasyon pò e fè manèv pou prepare'l nan tan de pwochenn ane.»

ii. Komansé fè manèv.

APN sé antrepriz leta ayitien pou fè gestion nan tout pò Ayiti ak tout ekipman, tout bato, e tout taks.

Genyen de prensipal pò ayitien nan komès lemon, ositou disèt ti piti. Yo tout vyé, yo tout sé danje, pou moun e pou ekonomi. Vérité sé ositou pò Poroprens gen nan men'l katven dis pou san danre ki enpòte oubyen ekspòte anba la lwa Peyi Dayiti, sa ki fè prensipal taks pou fonksyonman leta – e anviwon on tyè kòb tout Peyi Dayiti.

An vérité, kolon Ewopeyen e Ameriken oblije bay kòb pou devlopman antrepriz piblik ayitien, kom APN, pou gen chans kontinye vole Ayiti. Sa prensipalman vre pou APN, ki prensipal zouti pou ekonomi tout Peyi Dayiti, ki an vérité ti piti pati marin Ameriken ki te fè proteksyon bato komès Franse nou déjà wè sa ki te adan.

Tout bagay sa eksplike itilite Konsèl Mòdènizasyon Antrepriz Piblik, ki komande pa Premye Minis, ki gen tout dwa pocib pou fè manèv nan vann. E ki sa ki rivé nan peyi ki pap komande ankò pa leta ? Yo av pèd endepandans. Answit yo va disparèt.

Gen moun ki deja mande si Peyi Dayiti sé pa yon rèv li ye.

Depi lane 1915, Zetazini jwenn plis konpetans pou bay akò komès. Zòt oci. Sa ki akò preferansyèl (Kotonou, SGP, etc.) sé bagay volè Ameriken pou moun Ameriken fè koloni Ameriken.

Si w wè dis dènye ane statistik ONU, w oblije wè de bagay : enpòtasyon Ayiti sé prensipalman depi Zetazini ; sa plis vré ankò nan ekspòtasyon. Sé poukoi w genyen :

1/ envèstisman Ameriken pocib gras a yon politik melanj menas lèmé e trete komès.

2/ fè danre nan antrepriz ak kob Ameriken e twavay men ayitien ki peye on dola Ameriken chak jou. Souvan mwens. Souvan pap mèm gen kob pou yo !

3/ ekspòtasyon ozetazini, sa ki fè moun kontan paske yo kapab jwenn san milyon rad pou yon pri ki kapab fè konkurans la Shin. M te antann shinwa di yo te plis mal ke esklav nan twavay yo paske esklav te fè stop lanui, jodi a genyen elektrisité !

Tout bagay sa sanblé komès triangulè, w pap dakò ?

Ositou akò ACP/UE, kom zòt akò, fè Ayiti on gwo zòn fransh, kikote moun kapab fè matyè premyè ak mwens kob, transfòmasyon va bay peyi rich san fwa sa yo pap bay ayitien – katven dis nèf fwa sèlman si sé « komès ekitab » –, e anpil danre fè anba pèfeksyonman aktif oubyen pasif sou on tè moun li pe ke jamn jwenn.

## **2 : Fwi ayitien oubyen metriz devlopman Ameriken**

Nan tan kenzièm syèk pase, la mè te déjà genyen anpil lanbi e zòt kokil an mè. E déjà te genyen moun pou ranmase trop e detwi biodiversité. Bwa ki te resusite apre Panyol te kite kiltive trop, jodi la sé savann yo ye.

Ayiti sé yon peyi ak anpil kanpagn. Li fè anpil ekspòtasyon, kafé w renmen bwè, mango ki plis bon, vetiver luile esansyèl sé sa ki rann pocib parfen moun gran sosyete renmen pòté. Twavay latè sé plis bon baz tout sistèm ekonomi. On pèp ki pap gen manje oblije mouri. Mé gen anpil manje ki deja disparèt anba sistèm Ameriken, ki fè sibvansyon agwikòl pou moun Ameriken kapab vann pri zòt moun pap kapab. Sé poukoi jodi la tout diri w va manje adan on manje ayitien sé diri Ameriken. Pap gen asé diri ayitien ki te fè viv tout nasyon ayitien nan tan pase ankò Ayiti sé katwièm enpòtatè lemonn diri Ameriken, ti moun ayitien mouri gran gou. Sa av vini plis difisil ankò depi Ameriken fè biogaz ak mayi soja e ble pou fè mwens depandans ak gaz Venezuela – ayitien byen kontan jwenn nan PetroKarib – e plis moun mò si latè – yon ranpli biogaz adan on voiti sé on moun ki va mouri gran gou anbasoley la ; e yo deja fè kalkil sa.

Bagay sa fè plis monokilti sa ki fè latè plis pòv, sa ki fè plis ravaj, sa ki fè il Ayiti desann adan lamè ki cho e pwofon, sa ki fè toujou plis mandyan e moun mò nan lari lapèl Dezantyi.

Anvi kite misè fè moun mandyan on tyè kob Peyi Dayiti nan men diaspora, de milyon moun ki reisi kite on lanfè pou jwenn on lòt. Dezièm tyè sé kob nan kokayin, m deside pap fè developman sou sa nan kreyol, ki plis bon metòd pou eksprimé ipokrizi moun ki kontan jwenn kob mé ki eseye fè kwè yo konstwi kay yo nan lajan diaspora bay.

Pase tout bagay sa, fo w sav on estrateji developman dirab presk pap pocib. Moun kanpagn pap jamn aprann viv nan armoni ak espas lavi a yo. Latè Peyi Dayiti te vini on bagay pou fè kob, sa ki kontrè devlopman biodiversité. Sé sa yo fè ak bwa nan chabon, yo gran gou yo manje bwa, yo gran gou yo manje latè.

Pwoteksyon peyi pap gen enpòtans pou moun ki gran gou. Tout bagay av disparèt jan on sandwich ant on poch kob e on gwo kantite mandyan zonbi, ki pap komen sel ankò adan Peyi Dayiti.

Peyi Dayiti ki peyi katastrof. Depi 1900 jiska 2004, Ayiti jwenn 56 : 19 syklòn, 28 inondasyon, 7 sèshrès. Sa ki fè mil e mil moun mò e plis ke 6 milyon moun touché, sa ki total popilasyon ayitien.

Tout bagay sa fè Ayiti sé leta ak chenn, chenn finans nou deja gадé, mé oci chenn lāmé pou sové lemonn ki av debaké nan tyè monn ak bel pawòl, oubyen bel fizil.

**B : Anpi malè nan politik lemonn pou Peyi Dayiti ; Ayiti, on toro ki pap komande savann li**

**1 : Ehek politik entènasyonal nan Peyi Dayiti**

**α : Sikse kolonyalism dégizé**

ONG sé yon fòs ki gen tan pou bay konsèl gouvènman. Mèm bagay pou ONU. Nan shimen sa ONG sé yon fòs ki edé peyi la. Yo mennen sévis, prensipalman mèdsin, w pap trouve on lòt jan.

Yo gen anpil teknik. Yo gen anpil finansman. Anpil finansman sé sa ki pwoblèm la. Yo gen plis kob ke leta ayitien. Yo kapab fè sa yo vlé.

Gwò ONG ranmase lajan zòt leta e yo oblije fè sa zòt leta di yo dwè fè. E bagay sa sé anpil politik neokolonyalism. Jan yo fè la sé fréné devlopman Peyi Dayiti yo fè. E mèm sé fè peyi la plis mandyan ankò.

Jorj Wouds, ansyen prezidan nan Bank Mondyal té fè remark finansman devlopman tyè monn anpil peyi sé subvansyon degizé nan ekspòtasyon.

Ke lè li ye ? Li lè pou reflechi yon politik devlopman lemonn. Adan lemonn genyen Repiblik Dayiti ki gen nan Repiblik sèlman non la, paske nou pap gen rien a sa ki nou renmen wè.

E poutan sa pap difisil pou chanje rapidmn tout bagay.

Ak tout bagay sa m' deja di manke de ki tre enpòtan. Dabò ke anpil ONG sé sèlman pou peye mwens taks enpòtasyon. Answit, sa ki plis on ront, sé zòt ONG, ki prensipalman etranje kif è anpil prete lajan ak to enkwayab : depi vent senk jiskaswasant pou san, e ak sa fo w jwenn anpil frè tout sòt. Tout bagay sa av kreye e fè devlopman tontin. M panse tou ke sistèm sa fè jalouzi nan konpanyi Angle e Ameriken. E yo trouve sistèm la nòmral paske yo pap fè de san pou san. Si w konen ekonomi ayitien w gen dwa pleré...

### **β : Dwa pou ti moun peyizan pov**

Sa difisil pou mwen aksepté sistèm aktuel lemonn, kikote blan rich bay nèg plis misè tout jan pocib pou yo vini plis rich ankò.

### **b : Pou ki sa yon fòs amé entènasyonal**

E anpil moun kwè ONU sé yon bagay zanj ki av vini Ayiti pou libere tout penn li. An vérité, 7000 solda sa sé zouti peyi Amerik Latin esklavaj ekonomi Ameriken pou bay lapè. Komès Ameriken bezwen lapè. Volè Ameriken bezwen lapè.

Si w av mande on ayitien ki jan li ye, gen chans pou li reponn vou li pap pi mal, kom si li pap panse li kapab viv pls byen.

Pèp ayitien oblije viv ak lespwà ? Sa ki rete nan rèv Touden Louvèti ? Gen moun kontan. Gen moun ki pap akspeté situasyon la. Moun bay Ameriken dan. Pap gen moun pou prann kè yo ak lespwà yo. Ayiti sé yon lòt peyi ki mouri ak moun kontan, ak moun jenere, ki bay mèm bwè e manje pou moun ki vini volè yo. Konensans jenere sé plis gwò richès Ayiti. Ayiti, lapèl Dezantyi, twò rich, w kapab vole, mé w pap kapab ruine.



## **KONKLUSYON**

Sa ki pase nan Irak, Tibé e Soudan fè anpil moun lemondn reaji ak konviksyon. Mé pap gen moun pou gâdé Ayiti, egzepté nan sézon syklòn ; yo wè ti moun nan télé a, et pi yo etènd li, kontinué manje : sa louen, pap gen pwoblem. Pap gen zouti nikliè, pap gen anpil gaz adan latè. Genyen sèlman nonm ak famn ki chache pi bon avni pou ti moun yo, moun ki viv ak diyite, ki konnen twavay. Mé si twavay te bon bagay, blan rich déjà prann'l lontan.

Alò, Ayiti oblije chache shimen'l, on shimen ki fè avni yo ke fè yo kontan viv sou latè. On shimen pou yo kontinye viv kom Nonm modèl, pou tout moun lemondn, pase, prezan e avni.



# PLAN

PREFAS

DEDICAS

ENTWODIKSYON

## **Period I : Lapèl lò panyol**

A : Eldorado a nepòt ki pri

1 : Espagnola Admiral Kolon : richès senesòf yon paradi vyèj tout eksplòtasyon

a : Anpil resous nan paradi Ayiti

b : Eritaj endijèn

2 : Fo diskite a Valladolid : endijèn fè konfyans moun, moun masakre endijèn.

a : Sitiyasyon a lepok la sa

b : Yon diskite ipokrit

B : Enkomienda e esklavaj : on move menaj

1 : Lò ak richès pa di komès pou sa

a : Eksplòtasyon min Cibao

b : Pap gen anpil komès

2 : Vil Santo Domingo, dènye etap sou yon pòn lò

## **Period II : La prizon fransé akajou**

A : Malè Dominiken nan komès triangulè

1 : Nèg sé nèg ?

2 : Avantaj nan plis esklavaj e komès ak bon konsyans

B : Riches pou on tan, dekadans pou tout tan

1 : La Frans kontan nan komès kolonyal

a : Developman pò Franse

b : Danre ki nesèsè

2 : Depi endepandans jiska depandans

a : Konsekans Revolisyon sou ekonomi

b : Kreyasyon a on dèt pèpètuyèl

### **Period III : On zon franch Ameriken nan tan néokolonyalism lemonn**

A : Sak vré pou Ayiti li vré pou kat kouen lemonn

1 : Pwoblèm Ayiti sé pwoblèm eskalvaj tout peyi pov

a : Kontwòl komès e finans

b : Sa ki privatizasyon : fè peyi la plis nèf, egzamp a APN ki zouti pou fè esklav san chenn dwan

2 : Fwi ayitien oubyen metrize devlopman Ameriken

B : Anpi malè nan politik lemonn pou Peyi Dayiti ; Ayiti, on toro ki pap komande savann li

1 : Echèk politik entènasyonal nan Peyi Dayiti

$\alpha$  : Siksè kolonyalism dégizé

$\beta$  : Dwa pou ti moun peyizan pov

b : Pou ki sa yon fòs amé entènasyonal

KONKLUSYON







